Хэгъэгу пстэуми япролетариехэр, зы шъухъу!

КъыздэкІ. я 19 илъэс

Социалистическэ АДЫГЕЙ

1945 илъэс Августым и 5 Тхьаумаф № 86 (3872)

ВКП(б)-м И АДЫГЭ ХЭКУ КОМИТЕТРЭ ТРУДЯЩХЭМ ЩЫЛЕПУТАТХЭМ ЯХЭКУ СОВЕТРЭ ЯОРГАН

Ыуасэ 20 ц.

МЭШІОКУ ГЪОГУ ТРАНСПОРТЫМ И ВСЕСОЮЗНЭ МАФ

Непэ мэшІоку гъогу транспортым и Всесоюзнэ мафэу щыт. Мы мафэр Отечественнэ зэошхоу немецкэ-фашистскэ техакІохэмэ арашІылІэщтыгъэр текІонытъэр тыеу ухыгъэ зыхъугъэ лъэхъаным тыхэтэу тэгъэмэфэкІы. Тимэшіоку гъогу Іофышіэхэр гъэхъэгъакІэхэмкІэ непэрэ мафэм пэгъокІых.

СССР-м имэшіоку гъогу транспорты государственнэ мэхьанэшхо иІэу щыт. Илъэсипшіыкіэ узызэкІэІэбэжьыкІэ мэшіоку гъогу Іофышіэхэм яприемы товарищ Сталиныр къызыщэгущыІэм СССР-м имэшіоку гъогу транспорты государственнэ мэхьанэшхо зэриІэр къыщиІогъагъ.

Отечественнэ заом илъэхъанэ обороннэ ыкІи народнэ-хозяйственнэ хьылъэхэмэ язещэн зэхэщэгъэнымкІэ Правительствэмрэ военнэ командованиемрэ язаданиехэр гъэхъагъэ яІэу зэрагъэцэкІагъэм фэшІы советскэ мэшіоку гъогу Іофышіэхэу купышхо Советскэ Союзым иорденхэмрэ имедальхэмрэкІэ наградить ашІыгъэх. Транспортым иІофышіэ дэгъухэм анахь дэгъужьхэу нэбгыри 127-мэ Социалистическэ трудым и Герой звание къафашІыгъ. Нэбгырэ мин 53-м ехъу транспортым иІофышіэхэу „За оборону Москвы, Ленинграда, Сталинграда, Одессы, Севастополя, Кавказа и Советского Заполярья“ зыфиІорэ медальхэмкІэ наградить къашІыгъэх.

Мэшіоку гъогум иІофышіэхэу, фронтхэмэ якІуалІэхэрэ мэшіоку гъогухэм Іоф ащызышіэщтыгъэхэу, заор зыщыкІорэ лъэхъанхэм гъэхъагъэ шІыгъэнэр зэшІозыхыгъэхэм лІыгъэшхоу ыкІи зэмыблэжьынытъэу зэрахьагъэхэр фронтхэмэ якомандующхэмэ яприказхэм мызэу-мытІоу къащагъэнэфагъэх. Ахэм Родинэм ипатриотхэу зэрэщытэр къагъэнафэзэ, пыим исамолетхэр къызэрашъхьащыбыбэрэм, итопхэмкІэ къызэрэорэм зыкІи къамыубытхэу дзэрэ ыкІи военнэ техникхэрэ зезыщэрэ мэшіокухэр заор зыщыкІорэ участкэхэмэ курьерскэ мэшіокумэ скоростэу яІэм тетэу аблащыщтыгъэ. Фронтэр зыфэещт пстэури псынкІэ шъыпкъэу ІэкІагъахьэщтыгъэ.

Текіонытъэр къыдэхыгъэным фэшІы, джарэу зэмыблэжьэу Іоф хьылъэшхоу мэшіоку гъогум иІофышіэхэм зэшІуахыгъэм тивождышхоу ыкІи Верховнэ Главнокомандующэу товарищ Сталиным осэшхо къыфишІыгъ. 1943-рэ илъэсым ноябрэм и 6-м товарищ Сталиным докладэу къышІыгъэм мырэу къыщиІуагъ:

„. . . Зэо лъэхъан къиным ыкІи топливэр зэримыкъурэм ямылъытыгъэу, фронтым ищыкІэгъэ пстэури ІэкІэдгъэхьан тэ зытлъэкІыгъэкІэ, ар зэкІэми апэу зыфэплъэгъун фаер транспортым ирабочхэр ыкІи ислужащхэр ары.“

Товарищ Сталиным игущыІэхэр советскэ мэшіоку гъогу Іофышіэхэмкіэ боевой программэу хъугъэ, ахэр мамырныгъэ лъэхъаным къыкІоцІыкІи, Отечественнэ зэошхом илъэхъанхэми текІонытъэкІэхэм къафиІэтыгъ. Немецкэ техакІохэмэ арашІылІэгъэ заом къыкІоцІы нэмыкІрэ хэгъэгу горэми итранспорты фызэшІомыхышъункІи хъун нагрузкэхэр советскэ мэшіоку гъогу транспортым ыщэчыгъ.

Отечественнэ заом иилъэс хьылъэхэм социалистическэ соревнованием изнамя тимэшіоку гъогу Іофышіэхэмэ нахьри къаІэтыгъ. Ахэмэ стахановцэ ыкІи кривоносцэ пэрытхэм яопытхэу ыпэкІэ блэкІыгъэхэр икъоу зэрагъэфедагъэм къыщымыуцухэу, нахьри гъэхъэгъакІэхэмкІэ ащ зарагъэушъобгъугъ, аужы къинэрэ участкэхэр пэрытмэ акІагъэхьажьыгъэх, кадрэ ныбжьыкІэхэмэ мэшіоку гъогу Іофшіэным ипрофессие аІэ къырагъэхьанымкІэ Іэпыіэгъушхо афэхъугъэх. Джарэу социалистическэ соревнованием зызэрэрагъэушъобгъугъэм къыхэкІэу, зэо лъэхъаным икъинхэр мэшіоку гъогу транспортым иІофышіэхэмэ зэдаІэтын ыкІи транспортым пшъэрылъэу иІэр гъэхъагъэ яІэу агъэцэкІэн алъэкІыгъ.

Большевистскэ партием ыпІугъэ мэшіоку гъогу Іофышіэхэм Отечественнэ зэошхом текІонытъэр къыщыдэхыгъэным фэшІы, Родинэм ыпашъхьэ пшъэрылъэу щыряІэр щытхъу хэлъэу зэшІуахыгъэ.

СССР-м и Наркомземы

1945-рэ илъэсым гъэтхэ лэжьыгъэ хэлъхьаныр гъэцэкІэгъэнымкІэ ыкІи къегъэхъугъэнымкІэ машиннэ тракторнэ станциехэмэ я Всесоюзнэ социалистическэ соревнование интогхэмэ ахапшъэшъ, СССР-м и Наркомземы мы къыкІэлъыкІощт МТС-хэр соревнованием щытекІуагъэхэу ылъэгъугъ ыкІи СССР-м и Наркомземы изэІэпахрэ Красное знамя хэр ахъщэ премиехэри дыкІыгъоу ятыгъэнэу рихъухьагъ:

Ивановскэ областымкІэ Пучежскэ МТС-м (директорыр т. Соколов),
Калининскэ областымкІэ Красноармейскэ МТС-м (директорыр т. Захаров),
Рязанскэ областымкІэ Рыбновскэ МТС-м (директорыр т. Евтеев),
Орловскэ областымкІэ Кологривскэ МТС-м (директорыр т. Пресняков),
Мэсковскэ областымкІэ Ленинскэ МТС-м (директорыр т. Исаев),
Горьковскэ областымкІэ Богородскэ МТС-м (директорыр т. Пономарев),
Калужскэ областымкІэ Медынскэ МТС-м (директорыр т. Ярлыкова),
Ярославскэ областымкІэ Нексузскэ МТС-м (директорыр т. Кашин),
Татарскэ АССР-мкІэ Герсинскэ МТС-м (директорыр т. Гайнулин),
Марийскэ АССР-мкІэ Помарскэ МТС-м (директорыр т. Холкин),
Чувашскэ АССР-мкІэ Вурнарскэ МТС-м (директорыр т. Никонов),
Мордовскэ АССР-мкІэ Ромодановскэ МТС-м (директорыр т. Лапин),
БССР-м и Могилевскэ областкІэ Горецкэ МТС-м (директорыр т. Уродов),
Сталинградскэ областымкІэ Урюпинскэ МТС-м (директорыр т. Степанов),
Тамбовскэ областымкІэ Никифоровскэ МТС-м (директорыр т. Ерохин),
Курскэ областымкІэ Черняксскэ МТС-м (директорыр т. Баранов),
Молдавскэ АССР-мкІэ Воронковскэ МТС-м (директорыр т. Мыльников),
Воронежскэ областымкІэ Пуховскэ МТС-м (директорыр т. Гурговой),
УССР-м и Сталинскэ областкІэ Селидовскэ МТС-м (директорыр т. Акимичев),
УССР-м и Полтавскэ областкІэ Лохвицкэ МТС-м (директорыр т. Поштенко),
УССР-м и Черниговскэ областкІэ Коговскэ МТС-м (директорыр т. Скачек),
УССР-м и Житомирскэ областкІэ Попельнянскэ МТС-м (директорыр т. Бернатович),
УССР-м и Сумскэ областкІэ Лебединскэ МТС-м (директорыр т. Онопко),
Ростовскэ областымкІэ Азовскэ МТС-м (директорыр т. Пимкин),
Краснодарскэ краимкІэ Отрадненскэ МТС-м (директорыр т. Шпилько),
Кабардинскэ АССР-мкІэ Прохладненскэ МТС-м (директорыр т Голубцов),
Ставропольскэ краимкІэ Петровскэ МТС-м (директорыр т. Белоусов),
Узбекскэ ССР-м и Наманганскэ областкІэ Наманганскэ я 2-рэ МТС-м (директорыр т. Мавлянов),
Узбекскэ ССР-м и Ферганскэ областкІэ Маргеланскэ а 1-рэ МТС-м (директорыр т. Ядгаров),
Туркменскэ ССР-м и Марыйскэ областкІэ Марыйскэ МТС-м (директорыр т. Халахов),
Молотовскэ областымкІэ Асовскэ МТС-м (директорыр т. Иванов),
Челябинскэ областымкІэ Варненскэ МТС-м (директорыр т Милых),
Башкирскэ АССР-мкІэ Яркеевскэ МТС-м (директорыр т. Ахъяров),
Казахскэ ССР-мкІэ Акмолинскэ областым и „Авангард“ МТС-м (директорыр т. Конахин),
Казахскэ ССР-м и Карагандинскэ областкІэ Литовинскэ МТС-м (директорыр т. Козерод),
Казахскэ ССР-м и Кзын-Ордынскэ областкІэ Чиилинскэ МТС-м (директорыр т. Нурманов),
Удмуртскэ АССР-мкІэ Арзамасцовскэ МТС-м (директорыр т. Пентин),
Псковскэ областымкІэ Дедовичскэ МТС-м (директорыр т. Гетин),
Ленинградскэ областымкІэ Кенгисеппскэ МТС-м (директорыр т. Карма),
Кемеровскэ областымкІэ Кузнецкэ МТС-м (директорыр т. Литвинов),
Алтайскэ краимкІэ Подосиновскэ МТС-м (директорыр т. Ашихин),
Омскэ областымкІэ Красноярскэ МТС-м (директорым ипшъэрылъхэр зыгъэцакІэрэр т. Рыжих),
Красноярскэ краимкІэ Тщетинкинскэ МТС-м (директорыр т. Шухов),
Новосибирскэ областымкІэ Ксуракскэ МТС-м (директорыр т. Колесников),
Читинскэ областымкІэ Турбинскэ МТС-м (директорыр т. Жиликов),
Хабаровскэ краимкІэ Бирскэ МТС-м (директорыр т. Меркулов),
Приморскэ краимкІэ Евгеньевскэ МТС-м (директорыр т. Курик),
Бурят-Монгольскэ АССР-мкІэ Саянгуевскэ МТС-м (директорыр т. Танхасаев),
Латвийскэ ССР-мкІэ Межстненскэ МТС-м директорыр т. Бузуриньш),
Эстэнскэ ССР-мкІэ Вильяндскэ МТС-м (директорыр т. Ильвес).

Илъэсыкіэ еджэным школхэр фэгъэхьазырыгъэнхэмкіэ Гулькевичскэ районым иколхозникмэ обращениеу ашІыгъэм ехьылІагъэу

ВКП(б)-м ихэку комитеты ибюрорэ хэку исполкомымрэ 1945-рэ илъэсым августым и 3-м унашъоу ашІыгъэр

1945-рэ илъэсым июлым и 23-м ВКП(б)-м и Краснодарскэ крайкомы унашъоу ышІыгъэм тегъэпсахьыгъэу ВКП(б)-м ихэку комитеты ибюрорэ хэку исполкомымрэ **унашъо ашІы:**

1. Гулькевичскэ районым иколхозникхэм яобращениеу 1945-рэ илъэсым июлым и 22-м „Советская Кубаным“ итыгъэм колхозникхэм рабочхэм ыкІи служащхэм азыфагу щытегущыІэнхэу, илъэсыкІэ еджэным иегъэжьэгъум ехъулІэу школ пэпчъ иуахътэм ыкІи качествэ иІэу фэгъэхьазырыгъэным сельсоветхэм, колхозхэм азыфагукІэ соцсоревнованием инэу зыщарагъэушъобгъузэ, ахэр къафаІэтынхэу ВКП(б)-м ирайкомхэм, горкомым ыкІи райисполкомхэм пшъэрылъ афэтэшІы.

2. Илъэсыкіэ еджэным школхэр дэгъоу фэзыгъэхьазырырэ районым етыгъэнэу ВКП(б)-м ихэку комитетрэ хэку исполкомымрэ язэІэпахрэ Красное знамя тэгъэпсы.

3. Школхэр илъэсыкІэ еджэным фэгъэхьазырыгъэнхэм иІоф зэрэкІорэр ренэу ыкІи жъугъэу къарадзэ ашІынэу газетхэу „Адыгейскэ правдэм“, „Социалистическэ Адыгеим“ ыкІи районнэ газетхэм яредакциехэм пшъэрылъ афэтэшІы.

4. Соцсоревнованием интогхэм 1945-рэ илъэсым сентябрэм и 1-м ехъулІэу тахэплъэжьыщт.

Западнэ, Московскэ-Киевскэ, Белорусскэ, Брест-Литовскэ ыкІи Белостокскэ мэшіоку гъогухэмэ яІофышіэхэр орденхэмрэ медальхэмрэкІэ наградить ашІыгъэх

Отечественнэ зэошхом илъэхъаным обороннэ ыкІи народнэ-хозяйственнэ грузхэр зещэгъэнхэмкІэ Правительствэмрэ военнэ командованиемрэ язаданиехэр гъэхъагъэ яІэу зэрагъэцэкІагъэхэм фэшІы СССР-м и Верховнэ Советы и Президиумы и Указкіэ наградить ашІыгъэх:

Лениным иорденкІэ—Москва-Западнэ мэшіоку гъогум Ильичы ыцІэкІэ щыт ипаровознэ депо имашинист-инструкторэу **И. Д. Ефремовыр**, Западнэ мэшіоку гъогум иначальникэу **Г. П. Котяш**, Белорусскэ мэшіоку гъогум иначальникэу **Н. И. Краснобаевыр**, Брест-Литовскэ мэшіоку гъогум иначальникэу **Г. И. Перцевыр**, Москва-товарнэ западнэ мэшіоку гъогум истанцие мэшіокухэр щызэхэзыгъэуцохэрэ **С. С. Понедельченкэр**, Московскэ-Киевскэ мэшіоку гъогум иначальникэу **Ф. И. Ткаченкэр** ыкІи фэшъхьафхэри, зэкІэмкІи нэбгырэ 16;

Отечественнэ заом иорденэу апэрэ степенымкІэ—нэбгырэ 23-рэ;

Отечественнэ заом иорденэу ятІонэрэ степенымкІэ—нэбгырэ 48-рэ;

Трудовой Красное знамя орденымкІэ—нэбгырэ 39-рэ;

Красное звезда орденымкІэ—нэбгырэ 89-рэ;

„Знак почета“ орденымкІэ—нэбгырэ 78-рэ;

„За боевые заслуги“ медалымкІэ—нэбгырэ 27-рэ;

„За трудовую доблесть“ медалымкІэ—нэбгырэ 87-рэ;

„За трудовое отличие медалымкІэ—нэбгырэ 43-рэ. (ТАСС).

Колосовой лэжьыгъэхэмэ яугъоижьын ыухыгъ

Лэжьыгъэ угъоижьынымрэ госпоставкэ тынымрэ язэшІохынкІэ Тэхъутэмыкъое районым колхоз пэрытэу иІэхэмэ япчъагъэ нахьыбэ мэхъу зэпыт. Ащ фэдэу зыцІэ къепІощтхэмэ колхозэу „Псэуакіор“ ащыщ. Мы колхозым гъорекІорэ илъэсым елъытыгъэмэ мыгъэ колосовой лэжьыгъэхэмэ яугъоижьын мэфи 6-кІэ нахь пасэу ыухыгъ.

Госпоставкэ тыным иІоф колхозым инэу зыригъэушъобгъугъ. Июль мазэм играфик проценти 100-м къыригъэхъоу ыгъэцэкІагъ. Зерновой лэжьыгъэхэм ятынкІэ илъэс планыр бэрэ пэмытэу ригъэкъущт.

Колхозым лэжьыгъэу государствэм ритыгъэм ипроцент 15-р аванскІэ колхозникхэмareты. Анахьыбэу лэжьыгъэ зэратыгъэхэмэ колхозникхэу З. Шъхьатумэр, Хь. Бжьашіор, Хъ. Ацумыжъыр ыкІи ащ анэмрыкІхэри ащыщых.

Процент 93-у агъэцэкІагъ

Колосовой лэжьыгъэхэм яугъоижьынкІэ Гиагинскэ МТС-м икомбайнерхэмэ гъэхъэгъэ дэгъухэр ашІыгъэх. Мы МТС-м икомбайнерхэмэ августым и 1-м ехъулІэу яилъэс план процент 93-у агъэцэкІагъ.

Гъэхъэгъэшlухэмкlэ агъэмэфэкlы

Мэшlокор щыкlу-щыкlоу станциемкъекlуалlэштыгъэ. Мэшlокухэр зэхэзыгъэуцорэ тов. Лагашиным ежь исепщикэу тов. Самарин хым псынкlаlоу паровозэр къызэкlыгъэкlонэу унашъо фишlыгъ.

Іофшlэнэу апэ илъыгъэр мэкlагъэп. Станциемкlэ пэчыжьэ хьазырэу шыlэ спиртзаводым вагонхэр ещэлlэгъэнхэм пае составэр зэхэгъэуцукlыгъэн, вагон корт къэгъэнэгъэн фэягъэ, фэшъхьафрэ вагонхэу заводым lутхэр къыlущыжьыгъэхэу, етlани составэр икlэрыкlэу зэхэгъэуцожьыгъэн фэягъэ. А lофшlэн стэуми сыхьатитlурэ выкъорэ нахь пlалъэ яlагъэп.

Составэр зэхэзыгъэуцорэ бригадэм лъэшэу псынкlэу lоф ышlэщтыгъэ Паровозэр зы ми ути хьаолыеу щытыгъэп. Бригадэм шlэхэу составэр зэхигъэуцуагъэ ыкlи вагонхэр заводым ригъэолlагъэх. Кlэкlэу къэпlон хъумэ, сыхьатрэ ныкъорэм къыкlоцlы а lофшlэн пстэури зэшlохыгъэу хъугъэ, составэр зэкlэ зэхагъэуцожьыгъагъэ ыкlи станциемlукlынэу хьазырыгъ.

Машинистэу тов. Крыловымрэ стрелочникэу тов. Астанинымрэ зэрягъусэхэу, мэшlокор зэхэзыгъэуцогъэ бригадэм хэтхэм аlэ зэкlэдзагъэу lоф зэрашlагъэм къыхэкlэу, вагонхэр зы сыхьаткlэ нахь пасэу зэхагъэуцуагъэ.

Вагонхэмрэ цистернэхэмрэ нахь псынкlэу зэращэхэу агъэпсынэр, уахътэу тырагъэкlуадэрэр нахь макlэ ашlынэр—джары Мыекъопэ станциемкlэ иlофышlэ пэпчъы пшъэрылъ пытэу зыфигъэуцужьыгъэр.

Текlоныгъэмрэ стахановцэ-кривоносцэхэмэ ядорожнэ слеты хэтынхэм иправэ къыдэхыгъэнымрэ апае июль мазэм социалистическэ соревнованием станциемкlэ инэу зыщиушъобгъугъ. Анахь командир дэгъумэ ащыщэу, станциемкlэ дежурнэу тов. Костогрызовым инициативэ щlагъоу къырихьыжьагъэм, вагонхэмрэ цистернэхэмрэ аушъэхэ хъумэ зэрэщытынхэ фаем сыхьат пчъагъэ къыщыгъэкlэгъэным иамал къытыгъ.

Вагонхэр унэкlыгъэнхэм ыкlи ушъэгъэнхэм сыхьат 20—40 тырагъэкlуадэщтыгъэ.

—Ащыкlэ тэрэп мысэр, хьылъэхэр зыехэр ары нахь, — станциемщаlощтыгъэ.

Хьылъэу къащэхэрэр зыехэри зыщымысэ чlыпlэ lофым къыхахьэу, вагонхэр хьаолыеу бэрэ зыщытхэрэм штраф атралъхьэмэ, ащ lофэр щызэшlохыгъэкlэ алъытэщтыгъэ

Станциеминачальникэу тов. Лосевым иlэпыlэгъунытъэкlэ, сменэм икомандирэу тов. Костогрызовым вагонхэр унэкlыгъэнхэм ыкlи ушъэгъэнхэм иlоф псынкlэу зэшlохыгъэным фэшlы, вагонхэр станциемкъызыщысыщт уахътэр ыпэрапшlэу зэригъашlэу ыгъэпсыгъ. Вагонхэмэ къащэрэ хьылъэхэр зыехэмэ яадресхэр, ахэр станциемкъызщекlолlэрэ уахътэр ыкlи япчъагъэкlэ зыфэдизхэр тов. Костогрызовым нахьыпэрапшlэу зэригъашlэхэти, цlыфрэ транспортрэ ящыкlэгъэщтым фэдизэр шlэх шъыпкъэу къырагъэолlэнэу хьылъэхэр зыемэ афигъэпытэу ригъэжьагъ.

Ащ къыхэкlэу lофэр нахьышlу хъугъэ. Хьылъэхэр зыемэ ипlалъэм макъэ зарагъэlукlэ станциемкъызэрэlухьагъэхэм тетэу вагонхэр унэкlыгъэнхэм ыкlи ушъэгъэнхэм ае ищыкlагъэм фэдизщыф кlуачlэрэ транспортрэ къырагъэуалlэщтыгъэ Шъыпкъэ, чэщ lофшlэным зышадзыеэ, вагонхэр амыунэкlыхэу ыкlи амыушъэхэу, хьаолыеу зэрэщызыгъэтыхэрэри бэу къахэкlыгъ. Ащ язэрар lаджи къэкlуагъ.

Ащ фэдэ lофшlакlэр дэгъэзыжьыгъэнымкlэ ВКП(б)-м игорком инэу lэпыlэгъу хъугъэ. Ащ къыэкlэу lофэри бэкlэ нахьышlум фэкlуагъ

Станциемимэшlоку гъогу lофышlэхэмэ июль мазэм текlоныгъэшхо ашlыгъ Брак къыхамыгъафэу lоф ашlэзэ, вагонхэмэ яушъэгъум сыхьат 18 щытынхэ фаеу нормэу агъэуцугъагъэм ычlыпlэкlэ сыхьат 14,5-рэ нахь щагъэтыгъэхэп. Цистернэхэри—сыхьат 15-м ычlыпlэкlэ сыхьат 12,8-рэ нахь щагъэтыгъэхэп. Ар сменэхэмэ якомандирхэм ящытхъоу щыг. Тов. Лагашиным мэшlокухэр зэхэзыгъэуцорэ ибригадэу, нормэу фагъэуцугъэм минут 50—60-кlэ къыпэу мэшlоку пэпчъ зыуплъэкlузэпытрэм ищытхъоуи щыт. Июнь мазэм станциемиколлективы ябгъонэрэ чlыпlэр отделением щиlыгъыгъэмэ, джы ящэнэрэ чlыпlэр щиlыгъ.

Дорожникмэ яслеты хэтынхэм иправэ къыдэхыгъэнымкlэ соревнованиеу щыlагъэм рабочхэм ащегъэжьагъэу, сменэхэм якомандирхэм анэсыжьэу хэлэжьагъэх. Стрелочникэу тов. Астаниным соревнованием гъэхъэгъэшlухэр щишlыгъэх. Лунинскэ методхэр дэгъоу ылэ къыригъахьэхи, ежь изакъоу стрелокхэр ыгъэцэкlэжьыгъэх. Стрелочницэу тов. Молчановами ихозяйствэ дэгъоу зэрехьэ. Ащи иlофшlэнхэр лунинскэ методхэмэ атетэу зэшlуехых.

Путейцэмэ яколлективкlэ путевой обходчикэу тов. Петрухиным соревнованием апэрэ чlыпlэр щиубытыгъ. Ар участкэу зыlутым lофшlэн макlэп ыкlи кlочlэ макlэп хилъхьагъэр. lофэу ышlагъэхэри хьаолыеу хъугъэхэп. Тов. Петрухиным иучасткэ джы пстэумкlи щысэтехыпlэу щыт.

Станциемщыкlогъэ социалистическэ соревнованием иитогхэмэ джырэ благъэ станциемируководительхэр ахэплъэжьыгъэх. Зэкlэми соревнованием иусловиехэр агъэцэкlагъэх. Стахановцэ ыкlи лунинцэ пэпчъ lофэу ашlагъэм дэгъоу захэплъэжьхэ нэужым, апэрэ чlыпlэр мэшlокухэр зэхэзыгъэуцорэ тов. Лагашиным, ятlонэрэ чlыпlэр стрелочникэу тов. Астаниным аубытыгъэу алъэгъугъ. Стахановцэмэ яслеты хэтынэу кандидатэу тов. Лагашиныр утвердить ашlыгъ.

Непэ мэшlоку гъогу транспортым и Всесоюзнэ мафэ агъэмэфэкlызэ, станциемиlофышlэхэмэ джыри пшъэрылъыкlэхэр зыфашlыжьых. Гъэхъагъэу ашlыгъэхэр нахьри зыlэкlагъэпытахьынхэу, текlоныгъэм ехьылlагъэу кlорэ социалистическэ соревнованием джыри производственнэ текlоныгъакlэхэр щашlынхэу ахэмэ lогъэ пытэ ашlы.

А. Бондаренко.

Лэжьыгъэ угъоижьынымкlэ щыкlагъэу афэхъугъэхэр псынкlэу дагъэзыжьын фае

Шэуджэн районым щыщ колхозыырызхэм ыкlи МТС-хэм лэжьыгъэ угъоижьынымкlэ щыкlагъэхэр афэхъух. Комбайнэхэм ыкlи фэшъхьафрэ мэкъу-мэщ машинэхэм апае губгъо мастерскойхэр МТС-хэм икъоу зэхащагъэхэп. Лэжьыгъэ угъоижьыным трудовой дисциплинэр колхозхэм икъукlэ ашызэхащагъэп.

Гущыlэм пае, колхозэу „Передовикым" коцэр щызэтырылъхьэ зыхъукlэ коцышъхьэхэр кlау ъуаехэрэп. Комбайнэм къыlожьырэ коцыр lузыщын ку щымыlэ зыхъукlэ, ахьыбэрэмкlэ коцыпкъым хакъо. Ащ къыхэкlэу лэжьыгъэм бэу кlэзыгъэ фэхъу. Ащ нэмыкlэуи, коцыр анахь зыщыкъэбзэ чlыпlэхэр lэкlэ паучlы адрэ уц зыщыхэт чlыпlэхэр комбайнэм къыфагъанэ. Ар аущтэу зэрэмыхъуным, трудым иlоф лэжьыгъэ угъоижьыным нахь зэрэщигъэпытэным колхозымипредседателэу тов. Терещенкэр икъукlэ фэбанэрэп.

Колхозэу „Я 2-рэ Пятилеткэм" lоф щызышlэрэ комбайнерэу тов. Бригидэм имэфэ нормэ ыгъэцакlэрэп. Ар анахьэу къызхэкlырэр, комбайнэр зыкъутэкlэ ищыкlагъэхэр рамыгъэгъотызэ, хьаулыеу охътабэрэ зэрэщытырэр ары. Мы колхозым ыкlи ащ анэмыкl колхозбэкlаеми lоф ащызышlэрэ комбайнэхэмэ апае Хьакурнэхьаблэ МТС-м губгъо мастерскойхэр ащызэхищагъэп.

Колхозэу „Примерный путь" зыфиlорэми лэжьыгъэм икъэухъумэн тэрэзэу щыгъэпсыгъэп. Лэжьыгъэ центнер 900 фэдиз хьамэм телъ, ащ къэрэгъулэ гъэнэфагъэ иlэп.

Колхозхэм ыкlи МТС-хэм ярководительхэм лэжьыгъэ угъоижьыным трудыр тэрэзэу зэрэщызэхащэным ыкlи ащыкlэ щыкlагъэу афэхъугъэхэр псынкlэ шъыпкъэу зэрэдагъэзыжьыным ималхэр зэрахьанхэ фае.

Г. Сажев.

Былым lус икъу зэрагъэхьазырыным фэбанэх

Тэхъутэмыкъое районым иколхоз нахьыбэхэмэ адырэ губгъо lофшlэнхэм аужы къырамыгъанэу былым lусхэм ягъэхьазырын яшъыпкъэу lоф дашlэ. Колхозхэу „Байлъахъэм", „Щыlакlэм", „Мафэм" ыкlи ащ анэмыкlхэми ипlалъэм шlомыкlэу мэкъу упкlэныр зэшlуахыгъэ. Мы колхозхэмэ мэкъоу аупкlэгъахэр зэралъэкlэу фермэхэм къаращэлlэжьы.

Мы аужырэ мафэхэм колхозэу „Байлъахъэм" и МТФ мэкъоу тонн 70-рэ къырищэлlэжьыгъах. Колхозым силосэу тонн 50 зэхилъхьагъэ. Колхозэу „Мафэм" ифермэхэмэ мэкъоу тонни 150-рэ къаращэлlэжьыгъах ыкlи силосэу тонни 100 зэхилъхьагъэ. Джащ афэдэ къабзэу, мэкъу угъоижьынымкlэ колхозэу „Щыlакlэми" гъэхъагъэхэр ышlыгъэх.

Мэкъу угъоижьынымкlэ джащ афэдэ гъэхъагъэхэр зиlэ колхозхэр районым итыхэ нахь мышlэми, бэу щыкlагъэхэр зиlэхэри колхозмэ ахэт.

Гущыlэм пае, колхозэу ОГПУ-м ыцlэкlэ щытым блэкlыгъэ илъэсым хэукъоныгъэу ышlыгъэхэр джыри мыгъэ къыхэфэжьых, мэкъу угъоижьыныр ыгъэкlэсагъ. Непэ къызнэсыгъэм мыщ мэкъу угъоижьынымкlэ планэу иlэр процент 70-у ыгъэцэкlагъэп. Мы колхозым ирководительхэмэ силос зэхэлъхьаным уасэ фашlырэп. Ар къэозыгъашlэрэр джы къызнэсыгъэми колхозыр силос зэхэлъхьаным зэрэфемыжьагъэр ары.

Былым lус гъэхьазырыным иlофкlэ джащ фэдэ щыкlагъэхэр зиlэ колхозхэр джыри мы районымкlэ къэбгъэльэгъунхэ плъэкlыщт.

Зэкlэ амалэу яlэхэр агъэгъэдэхэзэ, мэкъур мыгъужьырапшlэу былым lус гъэхьазырыным иlоф псынкlэу зэраухыным колхозхэмэ кlуачlэу яlэр рахьылlэн фае.

Къ. Жанэ.

ХЭГЪЭГУ lЭКlЫБ ХЪЭБАРХЭР

Тихэ океаным заоу щыlэр

ЛОНДОН, августым и 3. (ТАСС). Агентствэу Рейтер къызэритырэмкlэ, Окинава хыгъэхъунэм итхэмэ ащыщхэу американскэ бомбардировщик ыкlи истребитель 250-рэ Нагасаки (Япония) тебыбагъэхэу Тихэ океаным союзникмэ ячlылъадзэу щыlэхэмэ якомандование иштабы къеlо. Японскэ къуахьи 10 чlырагъэхьагъ ыкlи 4 агъэфыкъуагъ, японскэ самолети 6 къыраутэхыгъ. Фэшъхьафрэ американскэ самолетхэмэ Китаим ихыlушъодэжькlэ Японием иехэу хьылъэхэр зэрэзэращэрэ къухьэхэу 5, транспортэу 1 щагъэфыкъуагъэх ыкlи щычlырагъэхьагъэх, ащ фэшъхьафэу японскэ казармэхэр ыкlи Хайнань хыгъэхъунэм портовой сооружениеу lутхэр бомбардировать ашlыгъэх.

ВАШИНГТОН, августым и 3. (ТАСС). Мыщ ыпэм къатыгъагъэм фэшъхьафэу джы къатыжьыгъэм къызэригъэлъагъорэмкlэ, я 3-рэ американскэ флотым исамолетхэу июлым и 30-м Токио районым тебыбэгъагъэхэмэ зы японскэ баржрэ ыкlи мыин дэдэхэу къухьэ 11-рэ чlырагъэхьагъэхэу, къухьэ 16 агъэфыкъуагъэу, зы самолет агъэкlодыгъэу ыкlи самолет 42-рэ агъэфыкъуагъэу, ангархэу 4, паровозэу 4 агъэкlодыгъэхэу, паровоз 11-рэ ангар 15-рэ агъэфыкъуагъэхэу США-м итихоокеанскэ флоты иштабы къеlо. Английскэ самолетхэу авианосцэхэмэ арытхэмэ зы японскэ подводнэ лодкэрэ зы эсминцэрэ чlырагъэхьагъэх, эсминцэхэу 2, эскортнэ къухьэу 1 ыкlи фэшъхьафрэ къухьэхэу 14 агъэфыкъуагъэх.

Англием икорольрэ США-м ипрезидентэу Трумэнрэ зэlукlагъэх

ЛОНДОН, августым и 2. (ТАСС). Агентствэу Рейтер къызэритырэмкlэ, США-м ипрезидентэу Трумэнрэ Англием икоролэу Георг VI-мрэ августым и 2-м Плимут дэжькlэ „Ринау" крейсерым щызэlукlагъэх. Королым Англиемипосолэу Соединеннэ Штатхэм щыlэ лордэу Галифакс игъусагъ, президентэу Трумэны США-м игосударственнэ секретарэу Бирнэ ыкlи президентым иштабы иначальникэу адмиралэу Леги игъусагъэх.

Агитбригадэм губгъом lоф щешlэ

Шэуджэн районым щыщ колхозэу „Гигантым" ипервичнэ комсомольскэ организацие (секретарыр тов Авильзев) лэжьыгъэ угъоижьынымкlэ агитационнэ-пропагандистскэ lофшlэныр дэгъоу зэрэщызэхищэным иамал пстэури зэрехьэ.

Комсомольскэ организацием агитбригадэ зэхищагъэу лэжьыгъэр зыщаугъоижьырэ чlыпlэм выступать къыщешlы. Ащ фэшъхьафэу комсомольцэхэр агитаторхэу колхозым ибригадэхэм, извенохэм ахэтых.

Ответственнэ редакторым ипшъэрылъхэр зыгъэцакlэрэр Хь. У. ШЭРТАН.

МО 05818 АДРЕС РЕДАКЦИИ: г. Майкоп, Первомайская, 163. Телефон № 0—54. Типография Адыгнациздата. Заказ № 1958 Тираж 1930